

Wonn Refleksyon, Espas Ouvri, CLE, Refleksyon Bib la:
Kèk fason pou gwoup ou, kominote ou, ak òganizasyon ou kapab vin pi efikas.

Avril

18

APRANN POU CHANJE

Sa k nan nimewo sa a:

- Edikasyon de Baz ak Devlopman, *Jean-Denis PETION*
- Kilè yon Edikasyon Efikas? *Valery ANTOINE*
- Poukisa ti Jounal la? *Jude APPOLON*

Kalandriye aktivite ki pral fèt yo:

- EO sou EO Ayiti 22 pou rive 25 jen.
- Haiti Salon 5-6 me 07, Brooklyn College Brooklyn, New York Kòman nou kapab pi byen soutni Ayiti ? Se yon rankont pou youn aprann nan men lòt. Objektif yo:
1) *se pou reyalize plis efikasite ansanm nan sipò n ap bay Ayiti pou avanse lajistis, demokrasi ak lapè.*
2) *ede moun ki zanmi ak Ayiti--ni Ayisyen-ameriken, ni ameriken, ni lòt yo--devlope plis abitud vin ansanm pou fè dyalòg. Rankont la ap fèt ak metòd Espas Ouvri. Pou plis enfòmasyon (tout ann anglè) ale sou:
www.haitisalon.com*
- Gwo rankont Refleksyon Bib la, sòti 25 pou rive 27 Jen nan Ormiso.
- EO, 29 avril nan sant sosyal lakonbit Jakmèl.

Edikasyon de Baz ak Devlopman

sòt nan men *Jean-Denis PETION*, Responsab



Monitè Dieufils François ak patisipan nan pwogram alfa AAPLAG Lagonav.

Edikasyon de baz kapab ede nan plizyè fason, li ede moun konnen dwa yo genyen e kòman pou fè respekte l, pandan y ap respekte dwa lòt moun. Sa vle di li kontribye nan devlopman moun, sosyal ak ekonomik. Edikasyon, se yon dwa ki lye menm ak lòt, se yon eleman esansyèl pou devlopman dirab, e pou ede redui povrete. Edikasyon de baz favorize demokrasi, egalite, jistis sosyal, diyite ak respè dwa moun.

Malgre jefò ki fèt pandan 10 dènye lane ki pase yo, Ayiti konnen yon to moun pa konn li ak ekri ki trè elve. Kidonk, edukasyon de baz rete yon pasaj obligè pou peyi a, si nou reve fè pwogrès nan kesyon devlopman ekonomik, sosyal ak lòt ankò. Konn li ak ekri ouvri wout pou plizyè posiblite tankou: otonomizasyon, epi pran bon jan desizyon. Gras ak edukasyon de baz, lòt an mezi pou eksplwate tout potansyalite li genyen kòm manm pwodiktif nan sosyete a. Se tout rezon sa yo ki fè anpil òganizasyon bay anpil valè a edukasyon de baz ki an favè yon devlopman sosyal dirab. Pou sa ki konsène ayiti, edika-

Swit paj 2 →

Kilè yon edukasyon efikas? sòt nan men *Valery ANTOINE*, Sipèvizè Pwogram Alfabetizasyon STEP

Moun ki gen konesans ak eksperyans nan edukasyon, fè konnen li se yon bagay enpòtan ki ka pèmèt moun (Fi kou Gason) pase de yon kondisyon sosyal a yon lòt.

Pou sa fèt, edukasyon an dwe chita sou yon baz solid ki pèmèt genyen bon jan transfòmasyon nan lavi moun. Pou konprann pi byen edukasyon ki kapab mennen nan transfòmasyon an, nou dwe poze de (2) kesyon enpòtan : Èske edukasyon an kapab fèt nenpòt kòman ? Èske tou nenpòt ki moun kapab fè edukasyon oubyen travay nan yon pwogram edukasyon ? Yon aksan enpòtan dwe mete sou kalite edukasyon kap fèt nan kominote nou yo. Nan sans sa a, kesyon nou kapab poze kilè edukasyon an efikas? Edukasyon an efikas se lè genyen bon jan motivasyon bò kote tout aktè yo, A!!! sa a se yon kondisyon esansyèl. Li dwe tou adapte ak reyalyte kote lap fèt la, paske ou pa kapab konprann moun pandan ou bliye oubyen ou neglije kilti l ak anviwònman l. Sa vle di, li dwe marye ak reyalyte kotidyèn yo. Yon bon edukasyon dwe montre aprenan yo enpòtan aktivite kominotè, epi pèmèt yo kapab pran bon jan inityativ. Edukasyon efikas la dwe favorize analiz, evalyasyon, entèpretasyon ak rezolisyon pwoblèm pou rive pran desizyon epi aji nan sans pou chanje eskap figi kominote a.

Kidonk, aprantisay la bezwen fèt ak metòd ki vrèman efikas. Bezwen genyen konsyans, senserite ak yon lespri ouvèl bò kote tout aktè yo. Lè sa a nou kapab pare pou sipriz. Kote nou espere jwenn yon edukasyon ki pa tradisyonèl pou yon lòt kominote.

Enfòmasyon

Pou plis enfòmasyon sou fason pou resevwa fòmasyon nan metòd Wonn Refleksyon, Espas Ouvri, CLE, Refleksyon BIB la kontakte:

Leyogàn: Fremy Cesar (Eksperyans la), 455-3234 oubyen

fremycesar@hotmail.com

Abelard Xavier, Rasin Lespwa, 420-4525, xabelard@yahoo.fr

Okay: frantzje Cyril, 286-2688

frantziecy2@hotmail.com

Lagonav:

Abner Sauveteur, lekòl Matènwa Lagonav, 513-0217, lekolmatenwa@yahoo.fr

Pòtoprens: Ulrick Denis, ulrickafr@yahoo.fr,

Jean Emmanuel, jeblaise@hotmail.com

Jakmèl: judeappolon, 552-0676

judeappolon@yahoo.fr

Samson Joseph, 415-1346 samsonayiti@hotmail.com

Pou lòt bò dlo:

john@johnengle.net

kentannan@yahoo.com

NB: pou plis enfòmasyon sou travay nou ale sou sit sa a: www.ekspervansla.info, oubyen rejwenn nou sou: reseauforumouvert_subscribe@yahoo.com

Swit paj 1 →

syon de baz ta dwe yon priyorite pou tout moun ki gen vizyon pou manyen pwoblèm sosyal la alabaz e si yo vle lite tout bon kont VIH/ SIDA ak pwoteksyon timoun.

Nou ankouraje tout moun pou fè yon plan byen bati pou edikasyon de baz nan peyi a. Ankouraje tout aksyon ki vize kore edikasyon de baz nan peyi a. Paske li se yon pwèn enpòtan si nou vle yon devlopman sosyal reyèl pou peyi n Ayiti.

Pataj eksperyans

sòt nan men Jude APPOLON

kòdonatè Pwogram Edikasyon Granmoun, Limyè Lavi

Poukisa ti jounal sa a ?

N ap raple ti jounal sa a, **APRANN POU CHANJE**, kreye nan objektif pou kenbe youn lòt okouran sou diferan aktivite k ap fèt anndan kominote aprantisay la. Se yon mwayen pou youn aprann nan men lòt sou kesyon edikasyon. Kenbe kontak youn ak lòt, menm si nou nan lokalite diferan. Se yon mwayen pou pèmèt plis moun enfòme sou eksperyans k ap fèt nan metòd altènativ sa yo (Wonn Refleksyon, Espas Ouvri, CLE, Refleksyon Bib la), epi konnen kòman eksperyans adaptasyon yo ap evolye ann Ayiti. Lòt bagay se enfòme moun sou: konbyen gwoup WR, RB ki reyini regilyèman, kòman y ap mache, lè ak kote yo reyini, ki animatè, kalite patisipan, elt. Yon fason pou fasilite moun ki enterese, jwenn wout pou y al patisipe ladan yo.

Lòt lide a, se ajoute yon dokiman anplis nan kreyòl ayisyen pou moun kapab resouse yo.

APRANN POU CHANJE vle bay moun k ap pratike WR, EO, CLE, RB ak lòt moun ki enterese nan kesyon edikasyon posiblite pou pataje eksperyans yo youn ak lòt. Kidonk, se atik pratikan yo, sou pwòp eksperyans pa yo, k ap kontinye sèvi kòm enfòmasyon pou ti jounal la ka rive parèt chak 2 mwa. E se yon pòt ki louvri pou moun ka konnen WR, EO/CLE, RB pi plis, epi reflechi sou youn lòt kalite edikasyon pou youn lòt kalite lidèchip.

Non kèk gwoup, enstitisyon k ap pratike

WR/EO/CLE/RB

ak kote yo reyini

Aktivite	Ki gwoup	Enstitisyon	Liv	Animatè	Lè yo reyini
Wonn Refleksyon	elèv 3 ^e a 7 ^e ane.	Lekòl : betani, lite-ryen, Sent magerit, krisyanvil, Matye.	Wonn Refleksyon # 1	Animatè yo fè pati EPA	Mèk pou rive Sam, ant 11è-1è
Refleksyon Bib la Dabòn.	Kreyen ki nan diferan denomina-syon	Legliz Batis Gabwon	Bib Louis Segond	Animatè yo konn chanje	Dimanch 3è
Wonn Refleksyon, CLE, Espas Ouvri/Refleksyon Bib la Lagonav.	Pwofesè ak elèv/ Monitè ak patisipan alfa	Lekòl Kominotè Matènwa/Asosiyasyon Animatè Peyizan Lagonav	wonn Refleksyon # 1 e 2/ Metòd CLE/ RB pou timoun ak granmoun	Pwofesè/elèv Monitè alfa	Madi-Jedi, 11è pou rive 1è
Wonn Refleksyon, Espas Ouvri Pòtoprens.	Etidyan	Ekòl Nòmval Siperyè	Wonn Refleksyon # 1	Jean Emmanuel	Jedi 2è
Wonn Refleksyon	Gwoup fanm	Kafaviv	Wonn Refleksyon # 1	Fremy César	Madi 10è
Wonn Refleksyon, Espas Ouvri/ Refleksyon Bib la nan	Etidyan - Pwofesè - Lidè kominotè	Men Kontre	Wonn Refleksyon # 1/ RB pou granmoun	Jude Appolon, Samson Joseph	Madi 3è

Pou tout remak, sijesyon rele nou nan : 288: 9798/ 552:0676/ 415-1346

Oswa ekri nou nan: judeappolon@hotmail.com, abnerjeansauveur@yahoo.fr, jeblaise@hotmail.com,

gtapf2000@yahoo.fr, samsonayiti@hotmail.com, marcoreli12@yahoo.fr, KominoteKreyen_subscribe@yahoo.fr